A Ndiani achatidzivirira munguva dzakaoma?

- ❖ Mambo Jehoshafati akanga akagadzirira kurwa (2Makoronike 17:2, 12-13). Zvisinei, aiziva ganhuriro dzake. Akatya, akashaiwa mazano uye akatya mubatanidzwa waive uchimutyisidzira (2Makoronike 20:1-2).
- ❖ Haana kutsvaga rubatsiro kubva kune vamwe vanhu kuti atarisane nedambudziko iri, asi akatendeukira kune Iye chete aigona kumubatsira: Mwari (2Makoronike 20:3-12).
- ❖ Iyi yakanga isiri sarudzo inosundwa nekutya kana kuti kushaya dziviriro. Jehoshafati *akanga ajairira* kushumira Mwari(2Makoronike 17:3-4; 19:4).
- ❖ Une chiitiko chakadaro chemazuva ese naMwari chinokubatsira kuvimba Naye munguva dzekutambudzika?

B Tingavimba naani?

- ❖ Dhavhidha aiziva kuti hapana munhu aigona kumuponesa (Mapisarema 146:3). Akadzidza kubva pane zvakaitika kuna Jonatani kuti Mwari haadi uto rine simba kuti akunde vavengi Vake(1 Samueri 14:6, 13, 23).
- ❖ Zvisinei, akaedzwa naSatani uye aida kuziva kuti aiva nevarwi vangani(1Makoronike 21:1-2). Zvakanga zvisingarambidzwe, asi Dhavhidha airatidza kuti aivimba nesimba rake rehondo kupfuura Mwari.
- ❖ Mwari Ari pamusoro pezvinhu zvose. Tinofanira kuuya kwaAri tisati tatanga kushandisa rubatsiro rwevanhu.

C Chii chatichachengeta?

- ❖ Munguva yekutambudzika kwekupedzisira hatizokwanisi kutenga kana kutengesa. Kana tine chimwe chakasara shure kwaizvozvo, chichaparadzwa nomoto(2Petro 3:10-11).
- ❖ Saka tinofanira kurasa zvese zvatinazvo izvozvi here,sezvo tisingazokwanise kuzvichengeta?
- ❖ Kwete, kunze kwekunge Mweya Mutsvene atiudza zvakajeka kuti tidaro. Isu tiri vatariri vezvose zvatakapiwa naMwari kusvikira Jesu adzoka. Tinofanira kuzvibata noungwaru uye nokutendeka.
- ❖ Asi, tinofanira kugara tichiyeuka kuti chero chatinounganidza pano chinopfuura; chinogara kwenguva duku; uye, kana tikasangwarira, chinogona kutishatisa pane zvomweya.

D Chii chatichakoshesa?

- ❖ Tichafanira kusarudza mune imwe nguva: kushumira Mwari uye kurasikirwa nezvinhu zvedu, kana kuzvichengeta uye kushumira mumwe munhu asina kukodzera kushumirwa.
- ❖ Sarudzo yedu panguva iyoyo ichaenderana nesarudzo dzatinoita zvino (Mateo 6:24).
- ❖ Muapositora Johani akati, “Musaɗa nyika kunyaŋge neʐinhu ʐiri munyika.” (1 Johani 2:15)
- ❖ Chii chakashata “munyika” chinotibvisa pana Mwari (1 Johani 2:16)?

E Tingagadzirira sei nguva dzakaoma?

- ❖ Kana tikasazviisa pasi pemasimba anotonga nyika panguva iyoyo asi tichiramba takatendeka kuna Mwari, tinozorasikirwa nemabasa edu nezvinhu zvedu (Zvakazarurwa 13:14-17). Zvisinei, tinogona kuva nechokwadi chokuti Mwari achatichengeta (2 VaTesaronika 3:3; Mapisarema 34:19).
- ❖ Tingagadzirira sei nguva idzodzo?
- ❖ Kudzidza kuvimba naMwari uye kurarama uchivimba naye zvino. Muedzo wakanaka kutendeka nezvegumi zvedu. Kana tikakundikana muchimwe chinhu chidiki kudaro, tingaramba sei takatendeka mudambudziko riri kuuya (Jeremiya 12:5)?